



Pou Piblikasyon Imedya: 18/01/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL PIBLIYE PWOKLAMASYON KI DEKLARE JANVYE KÒM MWA
SANSIBILIZASYON KONT ASÈLMAN KRIMINÈL AK 18 JANVYE KÒM JOUNEN
AKSYON POU SANSIBILIZAYON KONT ASÈLMAN KRIMINÈL**

*Li mande pou limen moniman eta yo an jòn aswè a, 18 janvye a, pou onore viktim
ak sivivan yo*

*Biwo pou Prevansyon Vyolans Domestik Eta New York la òganize yon Kanpay
Sansibilizasyon sou Rezo Sosyal nan kad Mwa Sansibilizasyon sou Asèlman
Kriminèl pandan tout mwa janvye a*

*Biwo pou Prevansyon Vyolans Domestik Eta New York la pibliye Gid Sekirite
Teknoloji pou Sivivan Vyolans ki Baze sou Sèks pou ede moun ki afekte pa abi ak
sèlman kriminèl ke teknoloji fasilite*

Li pwoklamasyon an [isit la](#)

Gouvènè Kathy Hochul jodi a te rekonèt janvye kòm Mwa Sansibilizasyon kont Asèlman Kriminèl ak 18 janvye kòm Jounen Aksyon pou Sansibilizasyon kont Asèlman Kriminèl nan Eta New York, li te pibliye yon [pwoklamasyon](#) epi li te mande pou tout moniman istorik yo nan eta a limen an jòn aswè a, 18 janvye a, nan onè moun ki afekte pa asèlman kriminèl ak tout vyolans ki baze sou sèks.

"Mwen te grandi nan yon kay ki te sipòte dirèkteman sivivan vyolans domestik yo, epi angajman sa a rete pèsònèl pou mwen epi li enpòtan pou asire sante ak sekirite fanmi New York yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Ekspè modèn yo montre koneksyon ki genyen ant asèlman kriminèl, asèlman ki baze sou AI ak teknoloji, ak vyolans domestik ak patnè entim, epi mwen devwe pou elaji edikasyon sou konpòtman abizif sa yo k ap ogmante, ak aplikasyon lwa kòm konsekans kont abizè yo."

Direktè Egzekitif Biwo pou Prevansyon Vyolans Domestik Eta New York la, Kelli Owens, te deklare, "Genyen yon gwo entèseksyon ant moun ki afekte pa vyolans domestik ak vyolans ki baze sou sèks yo ak moun ki viktim asèlman kriminèl yo, espesyalman atravè asèlman kriminèl ke teknoloji fasilite. Li enpòtan pou nou rekonèt jan asèlman komen ye epi pran mezi apwopriye pou konbat abi sa a, ki gen ladan yon gwo konsantrasyon sou kanpis kolèj yo. OPDV fyè dèske li pibliye Gid Sekirite Teknoloji

pou Sivivan Vyolans ki Baze sou Sèks pou ede moun ki viktim asèlman kriminèl yo ak tout vyolans ki baze sou sèks. Mèsi, Gouvènè Hochul, paske w rekonèt enpòtans mwa sa a epi paske w kanpe ak sivivan New York yo."

Komisè Divizyon Sèvis Jistis Kriminèl Eta New York la, Rossana Rosado, te deklare, "Ajans mwen an fyè pou l asire ke pwofesyonèl ki fè respekte lalwa yo gen fòmasyon ak enfòmasyon yo bezwen pou idantifye ak ede moun ki viktim ak sivivan asèlman kriminèl yo, pou rann moun ki komèt krim sa yo responsab, epi pou sipòte pwogram ki diminye residivis, ki amelyore sekirite piblik pou tout Nouyòkè yo. Nou remèsye Gouvènè Hochul pou lidèchip li ak angajman li pou l adrese tout fòm abi, tankou vyolans domestik ak asèlman kriminèl."

John Watson, Direktè Enterimè Biwo Sèvis Viktim Eta New York la, te deklare, "Moun ki te viktim asèlman kriminèl yo bezwen epi yo merite sipò. Biwo Sèvis Viktim (Office of Victim Services, OVS) lan fyè pou l ofri resous ak asistans bay viktim yo ak sivivan tout krim, ki gen ladann asèlman kriminèl, ansanm ak sipò bay founisè yo. Sa gen ladann avantaj konpansasyon pou ranbouse viktim yo ak sivivan yo pou depans ki te fèt akòz krim ak finansman OVS nan kad resous lokal yo nan plis pase 200 pwogram asistans pou viktim yo atravè eta a. Nou remèsye Gouvènè Hochul ak patnè ajans eta nou yo pou efò yo ak aksyon yo fè pou sansibilize sou asèlman kriminèl, pandan n ap ogmante sipò pou viktim ak sivivan yo."

Pami moniman yo pral limen yo genyen:

- 1WTC
- Pon Gouvènè Mario M. Cuomo (Governor Mario M. Cuomo Bridge)
- Kosciuszko Bridge
- Batiman SUNY H. Carl McCall lan
- Batiman Edikasyon Eta a (State Education Building)
- Batiman Alfred E. Smith State Office (Alfred E. Smith State Office Building) la
- Empire State Plaza
- Pak Ekspozisyon Eta - Pòtay Prensipal ak Sant Ekspozisyon
- Chit Nyagara (Niagara Falls)
- Pòtay Entènasyonal Ayewopò Albany (Albany International Airport Gateway)
- MTA LIRR - East End Gateway nan Penn Station
- Pon Flotan nan Fairport (Fairport Lift Bridge) sou Kanal Erie a
- Moynihan Train Hall
- Pak Eta Walkway Over the Hudson ak Zanmi Walkway Over the Hudson

Biwo Prevansyon Vyolans Domestik (Office for the Prevention of Domestic Violence, OPDV) Eta New York la pran angajman pou pwoteje kanpis kolèj Eta New York yo atravè Lwa Enough is Enough (Lwa Ase) la. Depi 2021, kanpis Enough is Enough la te wè yon ogmantasyon 145% nan rapò sou asèlman kriminèl kont elèv yo. OPDV pral reponn ak ogmantasyon sa a lè l dedye yon pati nan Konvokasyon 2024 Enough is Enough pou sansibilizasyon kont asèlman kriminèl ak fason kanpis yo ka ede rezoud

pwoblèm sa a. Konvokasyon Enough is Enough la se yon reyinyon anyèl tout founisè sibvansyon Enough is Enough yo pou diskite sou pwogram endividyèl yo epi aprann kijan pou yo fè pwogram ak sèvis yo plis santrè sou sivivan yo, ki enfòmè sou chòk epi ki reponn plis sou plan kiltirèl.

An rekonesans ak Mwa Sansibilizasyon kont Asèlman Kriminèl la, OPDV ap òganize yon Kanpay Sansibilizasyon sou Rezo Sosyal nan kad Mwa Sansibilizasyon kont Asèlman Kriminèl la atravè platfòm rezo sosyal ajans lan. Vizite paj [Facebook](#), [X \(anvan li te rele Twitter\)](#), [Instagram](#), ak [LinkedIn](#) OPDVa pou plis enfòmasyon sou asèlman kriminèl ak ki kote pou jwenn resous.

Nan kòmansman mwa sa a, OPDV te pibliye [Gid Sekirite Teknoloji pou Sivivan Vyolans ki baze sou Sèks](#) ki bay enfòmasyon sou fason moun ki afekte pa vyolans ki baze sou sèks yo ka pwoteje tèt yo kont abi teknoloji a fasilite. Gid Sekirite sa a ka itilize pa moun ki viktim ak sivivan asèlman kriminèl yo.

Biwo sou Prevansyon Vyolans Domestik nan Eta New York se sèl ajans eta nan nivo egzekitif peyi a ki devwe ak pwoblèm vyolans ki baze sou sèks. Liy Asistans pou Vyolans Domestik ak Seksyèl disponib 24/7: 800-942-6906 (apèl), 844-997-2121 (tèks) oswa [@opdv.ny.gov](#) (tchat).

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)